**दिन—बुधवार** **दिनांक—26.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य मंत्रिमंडलक आइ विस्तार कयल गेल। एहि मे भाजपाक कोटा सँ सात मंत्री के मंत्रिमंडल मे सम्मिलित कयल गेलनि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान आइ सांझ राजभवन मे आयोजित समारोह मे नीतीश कुमार मंत्रिमंडल मे सम्मिलित कयल गेल एहि सात नव मंत्री के पद आ गोपनीयताक शपथ दिऔलनि। दरभंगा जिलाक दरभंगा सीट सँ विधायक संजय सरावगी आ जाले सँ विधायक जीवेश कुमार मिश्रा नव मंत्रीक रूप मे शपथ लेलनि। दुनू गोटे मैथिली भाषा मे शपथ लेलनि। ओतहि, मुफ्फरपुर जिलाक साहेबगंज सँ विधायक राजू कुमार सिंह, सीतामढ़ीक रीगा सँ विधायक मोतीलाल प्रसाद, सारण जिलाक अमनौर सँ विधायक कृष्ण कुमार मंटू, अररिया जिला सँ सिकटीक विधायक विजय कुमार मंडल आ बिहार शरीफ सँ विधायक सुनील कुमार सेहो मंत्रीक रूप मे शपथ ग्रहण कयलनि। मंत्रिमंडल विस्तारक संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत सदस्यक संख्या बढ़ि कऽ छत्तीस भऽ गेल अछि। शपथ के संग भाजपा सँ मंत्रीक संख्या एक्कैस जखन कि जदयू सँ तेरह सदस्य कैबिनेट मे मंत्री छथि। एक मंत्री हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक छथि।

---

एहि सँ पूर्व भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल आइ सवेरे राजस्व आ भूमि सुधार मंत्रीक पद सँ त्याग पत्र दऽ देलनि। ओ कहलनि जे भाजपाक सिद्धांत अछि जे एक व्यक्ति एक पद, जाहि कारणे ओ पद छोड़लनि। समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव समेत एनडीएक कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह।

---

महाशिवरात्रिक पावन पर्व आइ पारंपरिक श्रद्धा आ भक्तिमय माहौल मे मनाओल जा रहल अछि। महाशिवरात्रि, फागुन मासक कृष्ण पक्ष केर चतुर्दशी के मनाओल

जाइत अछि। महाशिवरात्रि के लऽकऽ शिवालय आ मंदिर सभ मे सवेरे सँ श्रद्धालु लोकनि जलाभिषेक कऽ रहल छथि। एहि अवसर पर मिथिलांचल समेत प्रदेशक शिवालय सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। कतेको शिवालय मे पूजन आ अनुष्ठान करबाक लेल एखनहुं श्रद्धालु लोकनि पांतिबद्ध छथि। मुफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ मंदिर, सोनपुरक हरिहरनाथ, सुल्तानगंजक अजगैबीनाथ, दरभंगाक कुशेश्वर स्थान, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान समेत आनो–आन शिवालय मे विशेष पूजा हेबाक संवाद भेटल अछि। मिथिलांचलक कपिलेश्वर स्थान, थानेश्वर स्थान, पितांबरनाथ महादेव मंदिर मे सेहो श्रद्धालु लोकनिक भीड़ देखल गेल। कतेको ठाम शिव–पार्वती विवाह समारोहक आयोजन सेहो भऽ रहल अछि। पटना मे खाजपुरा स्थित शिव मंदिर, गायघाट स्थित गौरीशंकर मंदिर आ बैंकटपुरक महादेव मंदिर सहित आनो–आन शिवालय सभ सँ शिव वरियात आ झांकी निकालल जा रहल अछि। प्रशासन प्रमुख मंदिर आ चौक–चौराहा सभ पर सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयलक अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के महाशिवरात्रिक बधाई आ शुभाकमना देलनि अछि।

———————————————————————

प्रयागराज मे विश्वक सभ सँ पैघ आध्यात्मिक आ सांस्कृतिक समागम महाकुंभ आइ महाशिवरात्रिक पावन पर्व पर अमृत स्नानक संग समाप्त भऽ रहल अछि। देश भरि सँ आयल श्रद्धालु लोकनि प्रयागराजक संगम मे एखनहुं आस्थाक डुबकी लगा रहल छथि। तेरह जनवरी के शुरू भेल महाकुंभ मे एखन धरि पैंसठि करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु लोकनि संगम मे आस्थाक डुबकी लगा चुकलनि। एक सय चौवालीस वर्ष मे मात्र एक बेर होबयवला ई दुर्लभ खगोलिय संयोग सँ महाकुंभक महत्व बढ़ि गेल।

———————————————————————

महाशिवरात्रिक अवसर पर आइ महाकुंभ लेल तीन सय पचास सँ बेसी रेलगाड़ी चलाओल जा रहल अछि। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे महाशिवरात्रिक स्नानक बाद अतिरिक्त रेलगाड़ी चलेबाक विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रयागराज मे अतिरिक्त कोच तैयार अछि। रेल मंत्री कहलनि जे रेलवे बोर्डक अध्यक्ष सतीश कुमार के रेल परिचालन पर स्वयं नजरि रखबाक लेल कहल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे अडतीसम राष्ट्रीय खेल मे बिहारक पदक विजेता खेलाड़ी लोकनि के सम्मानित कैलनि। कार्यक्रम मे सेपक टाकरा वर्ल्डकप दू हजार पच्चीसक लोगो तथा शुभंकरक अनावरण सेहो कयलनि।

---

पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबाक कारण राजधानी पटना समेत प्रदेशक विभिन्न भाग मे आंशिक मेघ लागल अछि। किछु ठाम आंशिक बरखा सेहो भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे अधिकांश ठाम मौसम शुष्क बनल रहल।

---

समाप्त